

Pitit ou rive nan 18 Mwa (1½ Ane)



Fason tibebe ou jwe, aprann, pale, epi aji bay endis enpòtan sou devlopman pitit ou. Etap enpòtan nan devlopman tibebe a se bagay pifò timoun kapab fè lè yo gen yon sèten laj.

Tcheke etap enpòtan tibebe ou rive nan fen 18 mwa yo. Ale avèk sa epi pale avèk doktè pitit ou nan chak vizit sou etap enpòtan pitit ou rive ak sa ou espere answit.

Sa Pifò Timoun Fè nan Laj sa a:

Sosyal/Emosyonèl

- Timoun nan renmen lonje bagay ba lòt moun kòm jwèt
- Li ka gen kriz
- Tibebe a ka pè etranje
- Li montre afeksyon pou moun li abitye avèk yo
- Li jwe imajinasyon senp, tankou bay yon poupe manje
- Li ka kole kò li sou moun k ap bay li swen nan nouvo sitiyasyon yo
- Li lonje dwèt li pou montre lòt moun yon bagay ki enteresan
- Li analize poukont li men lè paran li toupre

Langaj/Kominikasyon

- Timoun nan di anpil mo senp
- Li di “non” epi li souke tèt li pou di non
- Li lonje dwèt li pou montre yon moun sa li vle

Koyitif (aprantisaj, panse, solisyon pwoblèm)

- Li konnen kisa bagay òdinè yo ye; pa egzanp, telefòn, bwòs, kiyè
- Li lonje dwèt li pou jwenn atansyon lòt moun
- Li montre enterè nan yon poupe oswa nan yon nounous lè li fè tankou l ap bay yo manje
- Li montre yon pati nan kò li
- Li grifonnen poukont li
- Li kapab swiv kòmman vèbal 1 etap san pa fè okenn jès; pa egzanp, li chita lè ou di “chita”

Mouvman/Devlopman Fizik

- Li mache poukont li
- Li ka fè pa ak kouri
- Li redi jwèt yo pandan l ap mache
- Li kapab ede dezabiye li
- Li bwè nan yon tas
- Li manje avèk yon kiyè

Aji Bonè depi ou Pale avèk Doktè Pitit ou si Pitit Ou:

- Pa lonje dwèt li pou montre lòt moun bagay yo
- Pa kapab mache
- Pa konnen pou kisa bagay li abitye avèk yo la
- Pa imite lòt moun
- Pa aprann nouvo mo
- Pa gen omwen 6 mo
- Pa remake oswa pa vle lè yon moun k ap pran swen li ale oswa retounen
- Pèdi ladrès li te genyen lontan

Si ou remake nenpòt nan siy reta devlopmanal posib, fè doktè oswa enfimyè pitit ou konnen sa, epi rele 311 pou mande Entèvansyon Bonè.

Akademi Pedyatrik Ameriken (American Academy of Pediatrics) rekòmande pou doktè egzamine timoun yo pou devlopman jeneral ak otism nan vizit yo lè yo gen laj 18 mwa. Poze doktè pitit ou kesyon sou egzamen devlopmanal pitit ou.

Dokiman Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention), Aprann Siy yo (Learn the Signs). Pwogram Act Early (Aji Bonè). Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb www.cdc.gov/ActEarly.